# ҮШ ОҚ, ОГУЗ – ХАН, ҮШ НӘСИЯТ ҲАҚҚЫНДА (И.ЮСУПОВТЫҢ «ҮШ ОҚ» ШЫҒАРМАСЫ МЫСАЛЫНДА)

**Даниярова Гүлзийра Полатовна**
ӨзРИА Қарақалпақ гуманитар илимилер илим-изертлеў институты таяныш докторанты

***https://doi.org/10.5281/zenodo.7036677***

***Аннотация.*** *Мақалада Халық шайыры И.Юсуповтың «Үш оқ» шығармасы ҳәм оның фольклорлық дәреклери ҳаққында сөз болады. Шығарманың мазмуны ҳәм атамасының тарийхыйлығы, символикалық сыпатқа ийелиги сөз етиледи.*

***Таяныш сөзлер:*** *ертек, миф, символ, Огуз –Хан, Үш оқ.*

## УЧ ЎҚ, ОГУЗ – ХОН, УЧ НАСИХАТ ХАҚИДА (И.ЮСУПОВНИНГ «УЧ ОҚ» АСАРИ МИСОЛИДА)

***Аннотация.*** *Мақолада Халқ шойри И.Юсуповнинг «Уч ўқ» асари ва унинг халқ оғзаки ижоди билан боғлиқлиги ҳақида ўрганилган. Асар мазмуни ва атамасининг тарихилиги, рамзий маънога эгалиги таҳлил қилинади.*

***Калит сўзлар:*** *эртак, афсона, рамз, Огуз – хон, Уч ўқ.*

## ТРИ СТРЕЛА, ОГУЗ – ХАН, ТРИ СОВЕТА (НА ПРИМЕРЕ ПРОИЗВЕДЕНИИ И.ЮСУПОВА «ТРИ СТРЕЛЫ»)

***Аннотация.*** *В статье рассматривается произведение народного поэта И.Юсупова «Три стрелы» и связы с фольклорным источником. Анализируется историчность содержания и тема произведени, и его символическое значения.*

***Ключевые слова:*** *сказка, миф, символ, Огуз –Хан, Три стрелы.*

## THREE ARROWS, OGUZ KHAN, THREE COUNCIL (ON THE EXAMPLE OF THE WORK OF I.YUSUPOV "THREE ARROWS")

***Abstract.*** *The article examines the work of the national poet I.Yusupov "Three Arrows" and links with folklore sources. The historicity of the content and the theme of the work, and its symbolic meaning are analyzed.*

***Keywords****: fairy tale, myth, symbol, oguz khan, three arrows.*

## КИРИСИЎ

Гомердиң дөретиўшилиги әййемги даналыққа ҳәм терең символикалық сыпатқа толы деп есаплаған. Соның ушын көплеген философлардың дыққат орайында Гомердиң дөретпелери турған. Сол сыяқлы шайыр И.Юсуповтың да шығармалары биз ушын сырлы ҳәм символикалық сыпатқа толы болыўы менен ҳәмме ўақыт илимпазлардың дыққатында. Себеби, биз алып барып атырған изертлеўлер нәтийжесинде шайыр дөретиўшилигинде қолланылған символларды бир қатар анализлегенимизде инсанияттың, соның менен бирге пүткил жаратылыс ҳаққындағы ой-кеширмелериниң бир системаға салынған ҳалда символластырып қосық қатарларына сиңдирип жибергенлигиниң гүўасы боламыз. Мысалы: Шайырдың  қолланған терек символын ҳәр бир халыққа, инсанға, ўатанға байланыслы қосықларында ушыратамыз. Ҳәм бул символларды бир концепт сыпатында алып қарап шыққанымызда талантлы халық шайыры И.Юсуповтың терек деталы өзиниң миллий дәреклерин, өзи жасаған жердиң, елдиң, мәканның, халқымыздың миллий өзиншеллигинен, руўхый түсиниги менен мәдений турмысынан, жасаў шараятынан келип шығып сәўлелендирген деген пикирге келемиз. Шайыр поэзиясында

терек концепти – туўылған жер, ана Ўатан, жасаған орталық, тәбият ҳәм инсан бирлиги тымсалында символластырылып сүўретленген көркем образ есапланады.

**ИЗЕРТЛЕЎ МАТЕРИАЛЛАРЫ ҲӘМ МЕТОДОЛОГИЯСЫ**

И.Юсуповтың 1988-жылы жазылған «Үш оқ» [2.57] шығармасы ҳаққында сөз еткенимизде, оның атамасының өзи тарийхыйлығы менен өзгешеленип турады. Сонлықтан да биз, бул мақаламызда шайырдың «Үш оқ» шығармасының сюжети ҳәм онда қолланылған символлар ҳаққында сөз етпекшимиз.

Шығарманың мазмунында Бажбанның баласы қылған жақсылығы ушын Кеклик қустан сыйлыққа үш оқ алады:

Адам улы, қандай жақсы баласаң!
Сыйлыққа сен енди үш оқ аласаң.
«Аттым!» десең, жықпайтуғын жаўың жоқ,
Көзи қатты көзмәмбет сен боласаң [2.58].

Соң балаға бул сырды « – тири жанға айтпа, егер айтсаң атқан оғың атылмай қалады» – деп ескертеди. Бирақ бир күни бала:

Қатынға сыр айтпас еркек кемде- кем.
Шарап ишкен ўақта мақтанып дәкең,
Сырын айтып қойды, Қалған бир оғы

Атқан менен енди көшпейди екен [2.58]. Биз бул шығарманың сюжетин Қыяс жыраўдың «Үш нәсият» ертеги менен салыстырмалы түрде анализлегенимизде: Мазмунлық жақтан ертек пенен И.Юсуповтың «Үш оқ» шығармасы бирдей. Бирақ шайрдың шығармасының «Үш оқ» атамсы тарийхый сыпатқа ийе деген пикирдемиз.

Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң «Хабаршысы» журналының 2010 – жыл 4 –санында Ҳ. Абдираманов «Қыяс жыраў Қайратдиновтың «Үш нәсият» ертеги ҳаққында» деп аталған мақаласы жәрияланған. Мақалада Н.Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институты китапханасының қол жазбалар фондында Артық Каримовтың Хожели ҳәм Нөкис қаласынан жазып алынған материаллары ҳаққында мағлыўмат берип өтеди. Усы қол жазбаның 61 – бетинде Қыяс жыраўдың «Үш нәсият» ертеги бар – деп мағлыўмат береди. Бул қосық пенен жазылған ертекти Қыяс жыраў Қараөзек районында турыўшы Жүгинис Алламбергенов деген кисиден үйренген. Қобызға салып «жырлап айтады» деген қатарларды көремиз[1.67]. Ертек мазмунында ата ақлығына үш нәсият айтады. Ақлығы бул нәсиятты өз өмиринде сынап көреди ҳәм атасының берген нәсиятлары дурыс екенлигин көреди. Нәсияттың үшиншиси «яр достыңа сырыңды айтпа, сырыңды айтсаң да шыныңды айтпа» деген еди. Ал, шайыр И.Юсуповтың «Үш оқ» шығармасында қус жигитке инам сыпатында үш оқ береди. Қәлеген үш тилегиң орынланады дейди. Бул сырды адам бенде билмесин дейди. Бирақ жигит бул сырды ҳаялына айтып қояды. Ҳәм тилеги орынланбай қалады.

«Үш» саны дүнья халықлары, соның ишинде түркий халықларында да әҳмийетке ийе кәраматлы санлардың бири есапланады. Үш – дөретиўшилик күш, раўажланыў, өсиў, алдынға ҳәрекет, әўметтиң белгиси саналған. Пифогор үш санын гармонияның символы деп атаған. Бул санды ҳәр бир халық өзлериниң ески түсиниклеринен келип шығып иләҳийлестиреди. Сокраллық санлар ески дәўирлерге яғный мифологиялық ҳәм космогониялық түсиниклерге ийе, жәнe де ол диний түсиниклер менен де тығыз байланыслы. Айтып өтиў орынлы болса мәмлекетлик байрақлар да үш реңде

сүўретленген. Бундай түсиниклер Индия, Қытай, Вавилон, Сибирь ҳәм түркий халықлардың мифологиясында өз көринисин тапқан.

Дәслепки адамлардың көз-карасларында жер үсти, жер асты ҳәм аспан әлеми ҳаққында пүтин бир философиялық система қәлиплескен. Бунның көриниси сыпатында ертеклердеги үш санына байланыслы сюжетлерди айтсақ болады. Мәселен: … « – Қарақус патша сондай дуўахан адам. Оның үш қызы бар.»…, « – Әкемниң үш шәрти бар. ….» [1.29]. « – Жолда үш дәў бар, егер жүрсек бизлерди өлтиреди, – дейди анасы…» [1.41]. «Бурынғы өткен заманда, Хорезм патшалығында бир жарлы ғарры болыпты. Ол ғаррының үш баласы бар екен…» [1.49] ҳәм т. б. Мине усы сыяқлы үш санына байланыслы мысалларды даўам ете бериўге болады.

Енди тиккелей «Үш оқ» сөзине келетуғын болсақ: бул атама үлкен тарийхый дәрекке ийе екенлигин айтып өтиў орынлы.

«Түркий қәўимлеринин өмиринде оқ жай ҳәм оқ тийкарғы курал- жарақ хызметин атқарып қоймастан ал усы халықтың теңи тайы жоқ мерген екенлигин де дерек береди» – деп атап өткен илимпаз Ю.Агаев.  Соның менен бирге оқ жай ҳәм оқ өзиниң курал сыпатындағы ўазыйпасынан басқа жәмийетте әҳмийетли болған социаллық қатнасты аңлатыў ўазыйпасын да атқарған. Қаған менен халық арасындағы қатнасықта тийкарғы орынды ийелеген. Оқ жай басшы, ал, оқ оған бағыныўшыларды аңлататуғын болған.

Илимпаз Ю.Агаевтың мақаласында огузлар хаққында қызықлы ҳәм дыққатқа ылайықлы фактлер келтирип өткен: Әпсаналарда Огуз-Хан түсинде алтын оқ жай ҳәм арқаға қарай бағдарланған гүмис үш оқты көреди. Огуз-Ханның түсинде көрген оқ жай менен гүмис оқлар дүньяның төрт тәрепине бағдарланған еди. Таңда Огуз-хан үлкен үш баласын қубла тәрепке аң аўлаў ушын жибереди. Ал, киши үш баласын батысқа қарай жибереди. Үлкен үш баласы аң пайытында алтын оқ жай таўып алады. Ал, киши үш баласы үш гүмис оқ таўып алады. Балалары таўып алған оқ жай ҳәм оқларды әкесине алып келип береди. Әкеси қуўанғанынан оқ жайды сындырып үш үлкен улларына береди. Ал, үш гүмис оқты үш киши улларына береди. Усылай етип Огуз-Хан өз халқын улларына бөлип береди. Үлкен улларына берген қәўимлер «Бозук» яғный «бөлеклерге бөлинген», ал, киши улларына берген қәўимлерди «Учук» яғный «үш оқ» деп атаған. Бузукларды өзиниң оң тәрепине, учукларды шеп қанатына жайластырған.

Огуз-Хан түркий қәўимлерди басқарыў бойынша реформа өткереди. Бунда оқ жай менен оқлар ҳәкимияттың символы сыпатында хызмет еткен. Әпсаналарда Огуз-Хан иләҳий етип сүўретленеди, ал курал-жарақ болса, кудайталаның мәканы сыпатында қаралған  [5.18]

Бир қанша илимпазлар Огуз-Хан мифлик образ, ол өзиниң тарийхый шығысына ийе деген пикирлерди айтып өтеди. Оны Хунн мәмлекетин басқарған Модэ (Мете) (Б.Э.Ш 209-174 жж) деп болжайды [5.19]

Огуз этимологиясының келип шығыў бойынша пикирлерге қарасақ, Венгер тюркологы Д.Немет «огуз» сөзи «ог+уз»; «ог» - «стрела» (оқ); «руў»,»қәўим»; «Уз» - «союз» (бирикпеси);. Бул көз қарастан «огуз» сөзи «руўлар бирикпеси» деген мәнисти аңлатыўы мүмкин. Оқ жай ҳәм оқлар түркий халықларының дәстүрий мәдениятында әҳмийетли ўазыйпаларды орынлаған. Мысалы: Огузларда жас жигит үйленгенде оқ жайдан оқ атқан, оқ қай жерге барып түссе сол жерде отаў тиккен [5.18]

Оқ жай ҳәм оқлардың киширейтип исленгенин баланың бесигине ямаса кийимине тағып қойылған. Түркий халықлардың көз қарасында бул балаға күш ҳәм мәртлик бағышлайтуғын болған.

Демек, оқ жай ҳәм оқларды түркий халықлары қудайтала тәрепинен берилген инам сыпатында қарап мәмлекеттиң символы сыпатында тән алған

Тарийхый дәреклерден бизге белгили болғанындай, VII – VIII әсирлерде Сырдәрья ҳәм Арал әтирапында жасаған қәўимлер печенеглер ҳәм огузлар болған. Ал, печенеглер болса қарақалпақ халқының шығысында тийкарғы уйтқы болған. Айтпақшы болғанымыз, огузлардың мәдений, тарийхый- этникалық тәрептен әлбетте оларға жақын қәўимлерге де өз тәсирин тийгизип отырғанлығы белгили.

**ИЗЕРТЛЕЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ**

Шайыр И.Юсуповтың жақарыда аты аталған шығармасы мазмунлық жақтан әпсанаға ямаса Қыяс жыраў атқарған «Үш нәсият» ертегиниң шайыр фантазиясында қайта исленген дөретиўшилик жемиси. Бундай дөретиўшилик ҳаққында илимпазлар бир қатар илимий жумыслар алып барған. Мысалы: Солардың бири Г.Шелогурова ҳәзирги филология илиминде миф ҳаққында бир қанша баҳалы мағлыўматларды келтирип өтеди:

1) Миф – жәмийетлик әдебий дөретиўшилик сыпатында тән алынған;
2) Миф-символ ушын универсал модель сыпатында қаралады;
3) Мифлер әдебий раўажланыўдың барлық дәўирлеринде сюжетлер ҳәм образлардың тийкарғы дәреги есапланған;
4) Автор тәрепинен көркем ҳақыйқатлықтың нызамлықлары тийкарында дөретилген жаңа хақыйқатлық та миф болыўы мүмкин, яғный ол ески ой-өрис жемисиниң нызамлықлары тийкарында моделлестирилген болады [3.65], – деген көз-қараслары бизиң изертлеў жумысымыздың тәбиятын түсиниўимизде өз орнына ийе деп ойлаймыз.

**ТАЛҚЫЛАЎ**

Биз И.Юсуповтың «Үш оқ» шығармасы Қыяя жыраўдың атқарған «Үш нәсият» ертеги менен мазмунлық жақтан уқсас екенлигин билдик. Бирақ, шайырдың шығарма атамасына қойған «Үш оқ» терең тарийхый, мифологиялық дәрекке ийе екенлигин түсиндик

**ЖУЎМАҚ**

Қулласы шайыр қарақалпақ халқының бай фольклорлық ҳәм мифологиялық мийрасларынан пайдаланған ҳалда жаңа мазмундағы шығарма дөреткенлигиниң гүўасы боламыз. Демек, талантлы халық шайыры И.Юсуповтың дөретиўшилигинде түркий халықлардың көп әсирлик мифологиясында орын алған мифологиялық, символикалық түсиниклер шайырдың ойлаў философиясында қайта исленип, трансформацияланып, шығармаларының композициясында көркем-эстетикалық, миллий ҳәм өмиршең сүўретлеў қуралына айланғанлығы дыққатқа ылайық деп ойлаймыз.

**REFERENCES**

1. Абдраманов.Ҳ. Қыяс жыраӯ Қайратдиновтың «Үш насият» ереги ҳаққында. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Хабаршысы, Нөкис. 2010, №4
2. Қарақалпак фольклоры «Қаракалпақстан», Нөкис 1977.I том
3. Шелогурова Г. Об интерпротации мифа в литературе русского символизма// Из истории русского реализма конца 19-начало 20 веков. Сб.статей/под.ред. А.Г.Соколова.-М.,1986. С-65.
4. Юсупов. И. Таңлаӯлы шығармаларының еки томлығы. II том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1992
5. https://cyberleninka.ru/article/n/luk-i-strely-kak-simvoly-vlasti-i-elementy-ritualnogo-obryada-u-tyurkskih-narodov/viewer